




Florida Department of Education
www.fldoe.org



Biwo Edikasyon Endepandan ak Chwa Paran
Turlington Building, Suite 522
325 West Gaines Street
Tallahassee, Florida 32399-0400
Telefòn: (850) 245-0502
Faks: (850) 245-0868

Liy Dirèk Gratis Chwa Lekòl
(800) 447-1636

www.floridaschoolchoice.org

Posiblite pou Chwa Lekòl Leta Florid

Eta Florid se eta ki ofri plis posiblite chwa lekòl nan peyi a. Chwa lekòl bay paran yo dwa pou asire pitit yo resevwa pi bon kalite pwogram edikasyonèl yo. Posiblite chwa lekòl yo pa menm nan tout distri lekòl yo. Yo ofri chwa yo ki dekri isit la nan pifò distri lekòl ki nan Florid. Kontakte distri lekòl lokal ou pou jwenn lòt enfòmasyon sou chwa lekòl.

Ki kote pou mwen ale pou jwenn plis enfòmasyon?

Biwo distri lekòl lokal ou

Biwo Edikasyon Endepandan ak Chwa Paran,
Depatman Edikasyon Florid
www.floridaschoolchoice.org

Biwo Pwogram Edikasyon Federal, Posiblite pou Lekòl Leta
www.fldoe.org/flbpo

Edikasyon Pwofesyonèl/Akademi Karyè
www.fldoe.org/workforce/careeracademies/ca_home.asp



Pwogram Lekòl ABC

Pwogram A-Business Community School (ABC) ankouraje biznis yo pou yo fè yon alyans avèk distri lekòl yo pou bay kote pou mete yon lekòl leta nan lokal biznis lan. Lekòl ABC yo ede diminye lekòl ak salklas ki gen twòp elèv toupatou nan eta a, yo konpanse gwo depans ki fèt pou konstwi bilding edikasyonèl, epi itilize pratik verifikasyon davans ak pratik bon biznis nan itilize espas edikasyonèl ki disponib. Yo ofri enstriksyon depi nan klas matènèl jouk nan klas twazyèm ane (K-3) pou timoun paran k ap travay nan lokal biznis lan. Distri lekòl Florid yo bay pwofesè, pwogram, liv, ak lòt dokiman.

Pwogram Plasman Avanse/ Bakaloreya Entènasyonal/ Sètifika Edikasyon Entènasyonal Avanse (AICE)

Pwogram Plasman Avanse Konsèy Administrasyon Kolèj se yon pwogram toupatou nan peyi a ki genyen ladan 38 kou difisil lekòl segondè. Elèv ki resevwa yon nòt kalifikatif 3 oswa plis nan yon egzamen ofisyèl AP sou plan nasyonal kapab resevwa kredi kolèj ak/ oswa plasman avanse, selon kolèj la oswa inivèsite a. Pwogram Bakaloreya Entènasyonal (IB) ak pwogram Sètifika Edikasyon Entènasyonal Avanse (AICE) yo se kou etid pre-inivèsite ki difisil. Elèv ki fini nenpòt nan pwogram yo ap resevwa yon diplòm yo rekonèt nan kolèj ak inivèsite ki toupatou nan lemond.

Answit, elèv ki resevwa nòt kalifikatif nan egzamen IB oswa nan egzamen AICE kapab resevwa kredi kolèj nan plizyè matyè debaz (jiska apeprè 30 èdtan kredi).

Akademi Karyè

Akademi karyè yo se ti kominote aprantisaj ki adapte pou chak elèv apa nan yon lekòl segondè ki prepare elèv yo pou yon chemen karyè ki baze sou enterè yo, tankou opòtinite apre lekòl segondè. Tèm akademi yo konsantre sou karyè nan domèn kote gen gwo demann, gwo konpetans, ak gwo salè, tankou Jeni, Konsepsyon Miltimedya, Boza Kilinè, Enfimri Pratik, Maketing, Asistans Veterinè, ak Biznis. Akademi karyè yo se akademi ki difisil ak enteresan, epitou gras ak

alyans ki fèt avèk biznis lokal yo, yo ofri elèv akademi yo plis opòtinite pou fè eksperyans pratik, obsèvasyon nan pòs travay ak sètifikasyon endistri nan domèn karyè ki trè konpetitif. Elèv yo fèt pou aplike, epitou yo aksepte elèv yo avèk konsantman ak sipò paran yo. Akademi karyè yo kreye pou ede jenn moun yo vin angaje pi plis nan lekòl, epitou pou ede prepare jenn moun yo pou edikasyon apre lekòl segondè ak/oswa pou lòt fòmasyon ak pou travay. Lejislati eta Florid te adopte Lwa sou Edikasyon Pwofesyonèl ak Karyè (CAPE) pou ofri yon alyans planifikasyon nan nivo eta a ant biznis yo ak kominote edikasyon an. Seksyon 1003.492(2), F.S., egzije pou chak distri lekòl genyen omwen yon akademi operasyonèl ki satisfè egzijans Lwa a pou satisfè demann travay lokal ak rejyonal.



Lekòl Endepandan Leta Apwouve (Charter)

Lekòl Endepandan Leta Apwouve yo se lekòl leta endepandan pou paran yo chwazi epitou yo fè pati posiblite chwa lekòl k ap devlope pi rapid nan eta Florid. Yo gen anpil libète pou fè inovasyon, epitou yo ofri pwogram espesyalize ak chwa pou divès gwoup elèv. Lekòl endepandan leta apwouve nan eta Florid yo ap edike pou kounye a 137,000 elèv. Chak lekòl ofri pwòp apwòch edikasyonèl inik li.

Enskripsyon Lib Kontwole

Chak komite jesyon lekòl distri a kapab ofri enskripsyon lib kontwole nan lekòl leta anplis pwogram ki genyen pou chwazi yo tankou lekòl espesyalize, lekòl altènatif, pwogram espesyal, plasman avanse, ak enskripsyon doub. Enskripsyon lib kontwole montre enpòtans dwa fanmi yo pou chwazi pami lekòl leta ki egziste yo. Paran yo kapab aplike pou pitit yo ale nan yon lekòl leta ki deyò zòn lekòl yo mete yo a. Li enpòtan pou paran yo konfime gid ak orè yo avèk distri lekòl lokal yo. Règleman distri a konsènan enskripsyon lib kontwole pa menm toupatou nan eta a.

Enskripsyon Doub

Elèv ki kalifye pou lekòl segondè yo kapab enskri nan kou apre lekòl segondè pou resevwa kredi anmenmtan pou gradyasyon nan lekòl segondè ak pou yon diplòm kolèj oswa yon sètifika karyè. Tout kolèj leta Florid yo ak kèk inivèsite leta patisipe nan enskripsyon doub la. Elèv ki satisfè kondisyon kalifikasyon yo gen pèmasyon pou pran kou enskripsyon doub pandan orè lekòl la, apre lekòl, oswa pandan trimès lete a.

Lekòl Espesyalize yo

Lekòl espesyalize yo ofri yon tèm patikilye oswa yon objektif akademik, tankou matematik, syans, teknoloji, biznis, oswa boza teyatral. Objektif prensipal lekòl espesyalize yo se pou ofri fanmi yo posiblite pou yo chwazi yon lekòl ki satisfè enterè pitit yo.

Lekòl espesyalize yo ofri elèv yo pwogram espesyalize pou ankouraje siksè akademik yo epitou pou kreye apwòch aprantisaj tounèf nan yon anviwònman divès.

Lekòl Anliy (Vityèl)

Elèv ki nan eta Florid yo gen plis aksè nan edikasyon anliy pase elèv ki nan nenpòt lòt eta. Elèv ki nan klas sizyèm ane rive nan klas douzyèm ane (6-12) kapab ale nan Lekòl Anliy Florid (FLVS). Lekòl anliy pre-segondè ak lekòl segondè leta nan nivo eta a ofri plis pase 100 kou anliy pou elèv ki nan klas 6yèm – 12yèm ane. Pami elèv sa yo, genyen elèv ki nan lekòl leta, elèv ki nan lekòl prive, ak elèv k ap resevwa edikasyon lakay yo. Answit, tout distri lekòl Florid yo ofri elèv ki kalifye nan limit zòn yo posiblite pou yo patisipe nan yon pwogram enstriksyon anliy distri a atanplen pou elèv ki nan klas matènèl jiska klas 12yèm ane, epitou yo kapab ofri yon pwogram limite atan-pasyèl pou elèv ki nan klas 9yèm jiska klas 12yèm ane. Genyen plis pase 30 distri lekòl k ap opere yon franchiz Lekòl Anliy Florid nan ane akademik 2010-2011 pou ofri kou Lekòl Anliy Florid pwofesè distri yo anseye pou elèv nan lekòl leta, elèv lekòl prive ak elèv k ap resevwa edikasyon lakay yo nan klas 6yèm-12yèm ane.